Fèy Enfòmasyon Sou Pwojè Konstriksyon

Depatman Transpò Florid – Distri Sis

S.R. 25/U.S. 27/Okeechobee Road soti nan lwès W 8 Avenue rive nan lwès SE 7 Avenue Pwojè Wout

NIMEWO IDANTIFIKASYON PWOJÈ A: 447828-1-52-01, 449370-1-52-01



Deskripsyon Kat la: Koridò pwojè a pase sou S.R. 25/U.S. 27/Okeechobee Road soti nan lwès W 8 Avenue rive nan lwès SE 7 Avenue. Limit pwojè a make sou kat la. Nò oryante nan direksyon kwen anlè agoch kat la

DIMANSYON TRAVAY LA

- Reyasfalte epi refè makaj liy yo pou prezève lavi sèvis wout la
- Enstale nouvo siyal trafik nan SE 1 Avenue
- Retire antre machin ki abandone yo
- Ajoute pasaj pou pyeton, zile pou pyeton, ak ranp men
- Amelyore sistèm siyal trafik ki egziste sou Okeechobee Road nan kafou sa yo:
  - W 8 Avenue
  - W 9 Street
  - Palm Avenue
  - Hialeah Drive
  - SE 4 Ave
- Rekonstwi twotwa, ranp, koub ak rigòl yo
- Ajoute nouvo pano pou pyeton ak machin
- Amelyore ekleraj wout la

ENFÒMASYON SOU FÈMTI LIY YO

Travay la ap fèt pa etap pou diminye efè konstriksyon an sou kominote a. Yo ka fèmen liy yo pandan lè sa yo:

FÈMTI YON SÈL LIY

- 8:30 p.m. rive 6:30 a.m. ak 8 p.m. rive 6 a.m., nan jou lasemèn ak wikenn

FÈMTI DE LIY

- 12:30 a.m. rive 5:30 a.m. ak 11 p.m. rive 5:30 a.m., soti Dimanch rive Jedi
- 10 p.m. rive 8 a.m., Vandredi ak Samdi

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap toujou disponib. Y ap etabli wout detou pou pyeton ak machin avèk siy ki klè. Mizajou chak semèn sou fèmti liy yo disponib sou **www.SouthFLRoads.com.**

ORÈ AK PRI

KÒMANSMAN
Septanm 2026

FINISMAN YO PREVWA
Otòn 2027

PRI PWOJÈ A
$5 milyon

KONTAKTE

ESPESYALIS RELASYON KOMINOTÈ
Cristina Rodriguez

TELEFÒN
(786) 562-1868

IMÈL
Cristina.Rodriguez@dot.state.fl.us

POU PLIS ENFÒMASYON

Eskane kòd QR la pou enskri pou resevwa mizajou sou pwojè a.